Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 34 (7330)
14 август 2018 сон
Талат
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Поздравляем!



Уважаемый Владимир Абдуалиевич!
От имени Администрации района, депутатов районного Собрания, жителей района и от себя лично примите самые искренние поздравления с Днём рождения!

Ваш профессиональный опыт, целеустремленность, умение работать с полной отдачей и активная созидательная деятельность позволяет Вам успешно решать стоящие задачи и реализовывать все планы и проекты на благо республики. Направляя усилия на повышение уровня благосостояния жителей республики, Вы активно способствуете развитию инфраструктуры, техническому обновлению хозяйственных объектов, поддержанию политической стабильности, законности и правопорядка.

Желаю Вам, здоровья, счастья, благополучия, дальней ших успехов в Вашей многогранной и ответственной деятельности на благо дагестанского народа.

**С уважением глава МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов**

## «Дагъистан – Парус» ОООялъул вакилзаби – районалда

Араб анкьалда «Унсоколо район» МОялда росабазул вакилзаби дандчIвана «Дагестан-Парус» ОООялъул консультанталгун. ДандчIваялда гIахьаллъана райадминистрациялъул росабазул администрациябазда гьоркьоб хIалтIи гьабулеб отделалъул специалист Х. Жамалудинова, росабалъа вакилзаби – «Парус» ПП Муниципальное образование версии 7 рейд от 01. 03. 2018 г.» бачунел.

ДандчIваялда консультантал Султан ХIажиевас ва Запир Сардаровас росабазул вакилзабазе гьабуна хадусел хъулухъал».

1. «Переустановка ПП «Парус – муниципальное управление», установка лицензии на 2018 г., переоборудование базы данных.

2. Загрузка словарей в базу данных (БД), замена значений в словарях (населенные пункты, улицы); загрузка КЛАДР в базу данных и создание; создание резервной копии БД.

3. Выгрузка базы данных в налоговые инспекции по земельным участкам в сельских поселениях.

Киназулго хал гьаруна программабазул ва тIадеги заман цIикIкIинабуна ПП – «Парус – муниципальное управление» лицензиялъе. Гьединго консультантаз росабазул администрациябазул хIалтIухъабазе методикияб кумек гьабуна бачунеб программаялда хурхун, гьезул суалазе кьуна пайдаяб куцалда жавабал.

Хехаб ахIи: лъимал

## Лъималазда хурхараб суалалъул кIвар буго



I4 августалда радалго районалъул администрациялъул кIалтIе ракIарана Шамильхъала поселокалъул № 9 ясли-ахалде хьвадулел лъималазул улбул. Гьелъие аслияб гIиллалъун букIана ясли-ахалъул мина жагъаллъун букIиналда бан хIалтIизе биччалеб гьечIолъи. Районалъул-администрациялъул конференц-залалда гьелгун дандчIвана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов.

Гьале чанго сон буго «Сказка» ясли-ахалъул мина аварияллъулаб ахIвал-хIалалда букIин лъазабуралдаса. Цебе цо корпус букIана гьелъул къан, хадубги минаялда кьватIелал рехидал бичIчIана гьеб гIиси-бикъинаб ремонталъ тIубалареблъи, ай цIидасан базе кколеб букIин. Гьедин экстрениябкомиссиялъ чIезабуна мина аварийнияб къагIидаялъ букIин. Гьедин киналго группаби руссинарун рукIана дагъабниги лъикI бугин ккараб корпусалде.

КьватIалаби рехана гьеб корпусалдеги ва гъабсагIаталда гьебги жанир лъимал рукIине бегьулаередухъ буго, тIубанго къазе кколеб хIал буго ясли-ахалъул.

Лъималазул эбел-инсул рагIабазда рекъон гьеб суал тIубазабиялъул цого-цо бугеб нух буго – хехаб къагIидаялъ цIидасан ясли-ахалъе мина бай, ялъуни цойги бакIалде рахъин.

ДандчIваялда кIалъана «Сказка» ясли-ахалъул зав. ПатIимат ТIагьирова. Гьелъ бицана районалъул администрациялда цадахъго РДялъул Правительствалдасан кумекги гьаризе ун, ремонтал ва щулалъиялъул хIалтIаби гьарун, заманаялъ ахIвал-хIал ккун букIанин, амма хадубккун мина хIалтIизе биччаялда божилъи гьечIин.

-Иргадулаб нухалъ гьенир тарбия кьолезул эбел-эмен гьаригун рачIун руго, жакъаги школалъул саназде рахинчIел лъималазул учреждение къаялъ хIалтIулел ругел улбузе кутакалда зарал ккезехьин буго,-ян бихьизабуна кIалъазе рахъараз.

Жиндирго иргаялда кIалъазе вахъарав муниципалитеталъул бетIерас лъазабуна гьеб суал жиндир хъаравуллъиялда гьоркь бугин ва РДялъул Правительствалда лъазабун бугин. Эбел-инсул комитеталъе бетIерас



бицана суал тIубаялъе гьабулеб бугеб хIалтIул. ГIиса НурмухIамадовас бихьизабуна администрация суал тIубазабиялда тIад хIалтIулеб бугин, гьаризесел вариантал лъазарулел ругин. «Лъималазда хурхарал суалал кидаго кIвар кьеялда гьоркь рукIине ккола»,-ян лъазабуна гьес ахиралда.

## «Терроризм -обществалъе хIинкъи кьей»

Араб анкьалда ГIашилтIа рохьоб бугеб «Сосна» лагералда тIобитIана «Терроризм ккола обществалъе хIинкъи кьей»,-абураб темаялда гIатIидго терроризмалъул заралалъул бицараб тадбир. Гьениб «Щиб жо ккола терроризм?, Кисан гьеб рагIи бачIараб?, Кинаб гьелъул хасият бугеб?»,- абурал суалазе жавабал кьуна лагералда хIалхьи гьабулел ГIали ГIалиевас ва Аминат ДинбахIандовалъ.

Тадбиралда Россиялъул БахIарчи МухIамад НурбахIандов ракIалде щвеялъе сценка хIана лагералда тарбия щолез. Гьеб сценкаялъ щивго течIо гьваридаб асаралде гьоркье вачинчIого, щивасул беразуль бихьулеб букIана магIу. ГьедигIанги асар гьабуледухъ хIана лъималаз ролял. Гьеб гуребги цебе лъураб темаялда лъималаз цIалана кучIдул, гьабуна «Танец ангелов»,- абураб Бесланалда чIварал ракIалде щвезарулеб кьурди.

(Ахир 4 гьумералда)

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 34 (7330)*

*14 август 2018 сон*



**Дагъистаналде рачIун рукIарал 2000 цIикIкIун энергетикас гьал къоязда регион тезе буго. РакIалде щвезабизин; гьаб сональул июлалдаса нахъе командировкаялъ ритIун нилъехъ рукIана 2500 гIанисев ПАО «Россеталъул» специалистал. Кинабниги гьез цIазе ккола 600 км. токалъул линия, чIвазе ккола 9000 хIуби, лъезе ккола I7 азарго учеталъул прибор. Жакъа къоялде тIубан буго 80% хIалтIул. Гьеб ишалъе «Россеталъ» биччан буго I,3 млрд. гъурущ**



# «Физическияб культура ккола тарбия-лъай кьей ва ругьунгьари»

## (Россиялъул физкультурниказул Къоялде)

Физкультурниказул праздник щибаб санайилго кIодо гьабула августалъул кIиабилеб субботаялъ, исана гьеб ккана II август. Гьеб нилъер улкаялда кIодо гьабулеб буго I939 соналдаса нахъе. Жидергоябльун гьеб рикIкIуна миллионал Россиялъул гIадамаз. Гьеб буго киналго спорт бокьулезул праздник, заман, махщел батIа гьабичIого.

Гьеб праздникалъул рагьдухъ баркизе бокьун буго физкультураялоъул учитель, кIудияб хIарпалъ цIар хьвазе бегьулев педагог ХIусейн НурмухIамадович МухIамадгIалиевасда. Гьев гьавуна I973 соналда, гIаммаб педагогикияб стаж буго 28 сон, гьелдасан 23 сон буго Шамильхъалаялъул школалда араб. ХI. МухIамадгIалиев ккола тIадегIанаб категориялъул учитель. I996 соналда гьесул багIараб дипломалдалъун лъугIана Дагъистаналъул пачалихъияб педуниверситет ва щвана «Физическияб культураялъул учитель»,-абураб махщел.

I993 соналда хIалтIизе лъугьана МахIачхъалаялъул 28 школалде, институт лъугIун хадув хIалтIизе вачIана Шамильхъалаялъул школалде.



МухIамадгIалиев ХIусен ккола предметиялгун гIелмиял, теоретикиял кьучIал лъалев ва гьеб ишалъулъ хIалтIизарун бажарулев педагог. Дарсал кьола тIадегIанаб гIуцIиялъулгун методикияб кьучIалда, лъимазул сахлъи щулалъиялъе кинабго шура-хьуриги хIалтIизабун. Щибаб ишалъулъ иш лъан лъола цере мурадал. Жакъасел лъай кьеялъул къагIидабиги хIалтIизарун бажарун пайда босизе ругьун гьарула спортивияб инвентаралдаса ва оборудованияздаса. Занятиял уна кIудияб чIаголъиялда хIаязул ва кьецазул къагIидаялъ. Дарсил бакIлъи бачуна битIун методикаги хIалтIизабун (фронталиял, группаялъулал, кружковиял ва индивидуалиял). ЛъикIго бажарула рагIулал къагIидабазда лъай кьун, масала, команда кьезе, бихьизабизе, бачине, къимат кьезе, бичIчизабизе, гарачIвари гьабизе ва гь. ц.

ЦIалул занятиязда учителасухъа бажарула цIалдохъабазулъ моралиялгун эркенлъиялъул качестваби куцазе, гIадлуялде, гьудуллъиялде, коллектив кквеялде, сахаб гIумроялде ругьун гьаризе. БатIи-батIиял упражнениял руссарал рукIуна шура-хьури берцин гьабиялъе, къо хIехьеялъе, хехлъиялъе. Гьелъ рес кьола цIалдохъабаз кьецазда лъикIал бакIал ккеялъеги. Учителас бажарун тIоритIула цIалдохъабазул сахлъиялъул ахIвал-хIал лъикIлъулел мориторингал, гьелъул аслияб мурад букIуна школьникал физическияб рахьалъ рагIа-ракьанде щун хIадури ва тарбия щвараллъун куци. ХI. НурмухIамадовичасул цIалдохъабазул букIуна тIадегIанаб физическияб хIадурлъиялъул борхалъи. Гьел чанго нухалъ рахьана республикаялъул ва районазул кьецазул тIадагьаб атлетикаялъул рахьалъ бергьенлъи босаралльун. ГIемерал соназ цIалдохъабаз призалъулал бакIал ккуна районалъул спартакиадабазда. Масала, 2007-2008 цIалул саназда I бакI, 20I0 соналда «Сабля Шамиля» фестивалалда I бакI, гIемерал цогидалги.

Школалда даимго унел рукIуна батIи-батIиял спортивиял кьецал. Гьел лъугьун руго цIалдохъаби лъадариялъе аслиябльун. ХI. МухIамадгIалиевас нухмалъи гьабулеб буго «Легкая атлетика» секциялъе. Гьелъ кIудияб бутIа лъолебги буго лъимал кинабго рахьалъ церетIуралльун лъугьинариялъе школалда. ХIалтIулъ аслияб куцалда гьев вуссарав вукIуна жиндирго педагогикияб махщел цIубазабиялде, лъазарула цогидазулги хIалбихьиял, хIалтIулъ пайда босула интернеталдасан, цIиял къагIидабаздасан. Гьелъ ХIусенил рагьарал дарсал, тIоритIулел тадбирал тIадегIанаб даражаялда уна.

Чанго нухалъ ХIурматиял грамотабаздалъун ва дипломаздалъун кIодо гьабуна ХI. МухIамадгIалиевасул захIмат. Гьел руго бакIалъулал, республикаялъулал ва ТIолгороссиялъул, кинабниги I0. Чангояб рехсезин гьаниб: 20I6 соналда ХI. МухIамадгIалиевасе кьуна Дагъистан Республикаялъул Правительствалъул ХIурматалъул грамота, 20I7 соналдайин абуни «РФялъул лъай кьеялъул ХIурматияв хIалтIухъан»,-абураб цIар.

РакI-ракIалъ баркула ХI. МухIамадгIалиевасда ва цогидалги физическияб культураялъул лъай кьолезда гьезул махщалил праздник. РакI-ракIалъ баркала кьола, нужее, сахаб гIумроялъул къагIидаби тIиритIизариялъе лъураб захIматалъул бутIаялъухъ. Гьарула сахлъи, гIумруялъулаб къуват, хIалтIулъ бергьенлъаби!

**Р. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

# Россиялъул спорталъул мастерлъиялде кандидат



Курскиялда 2-7 августалда унел рукIарал ТIолгороссиялъул ХII рииадалил спорталъул хIаязда Дагъистан Республикаялъул тIаса бищараб командаялда цее яхьарай нилъер ракьцояй ХIалимат МухIамадова яхъана хIаязул мазгарул призерлъун ва щвана волейболалда хурхун «Кандидат мастера спорта России» цIар.

РакI-ракIалъ баркула гьелда бергьенлъи, гьарула хадубккунги спорталъулъ битIккей.

# Иргадулаб сертификат кьуна



Гьал къоязда районалъул бетIер ГIиса НурмухIамадовас лъикIаб гьаригун пачалихъалъул жилищнияб сертификат кьуна Чернобылалъул ишазул къварилъи лъугIизабиялъул гIахьалчи, Халкъияб Собраниялъул вукIарав депутат ХI. ХIасановасе.

I986 соналъул Чернобылалъул къварилъи лъугIизабиялъулъ гIахьаллъана РФялъул 200 азаргоялдаса цIикIкIун чи. Гьенир гIахьаллъана гIемерал районцоялги, гIемерисел лъугьана инвалидаллъун. Гьединлъидал балагьаб къварилъи лъугIизабиялъул гIахьалчагIазе пачалихъалъ бихьизабун буго гIумро гьабизе рукъ босиялъе кумек гьабизе. Гьедин «Жилище на 20I5-2020 г.г. Федералиябгун целевияб программаялда рекъон ХI. ХIасановасе кьуна гьеб сертификатги.

БетIерас ХI. ХIасановасе гьарана халатаб гIумро, щулияб сахлъи ва гIумроялъулъ битIккей. Живго ХI. ХIасановас баркала загьир гьабуна РДялъул Правительствалъе, ЗахIматалъулаб министерствалъе, районалъул администрациялъе, районалъул социалияб рахьалъ гIадамал цIуниялъул управлениялъе.

# ЛъикIаб къимат кьуна

Шамиль районалъул «Спартак» лъималазул ридалил хIалхьиялъул лагералда лъимал лъикIаб гьечIеб квен кьун отравить гьарун унтиялда бан республикаялда унеб буго лъималазул учреждениял, хасго ридалил хIалхьия лъул бакIазда халгьариял. I4 августалда ГIашилтIа рохьоб бугеб «Сосна» сах гьариялъулгун хIалхьиялъул лагералдеги щвана ведомствабазда гьоркьосеб комиссия. Комиссиялъул къадаралда гьоркьове унаан районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, РДялъул росдал магIишаталъул ва квана-гьекъолел жалазул министерствалъул министрасул зам. Шамиль БахIарчиев, районалъул Собраниялъул председатель Казим Асадулаев, районалъул бетIерасул зам. Муи ХIасанова, ЦРБялъул бетIерай врач ГIайшат МухIамадова, РДялъул Роспотребнадзоралъул Буйнакскиялда бугеб ГО Управлениялъул начальникасул ишал тIуралев ГIабдула ГIисаев,

**(Ахир 4 гьумералда)**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 34 (7330)
Талат
14 август 2018 сон



# Садовод

**Страница в номере**



Внимание, жители!

# Наше здоровье в наших руках



Уважаемые жители Унцукульского района!

Сообщаем вам, что с 2019 г. все медицинские организации в Республике Дагестан будут работать в соответствии с приказом 563-М от 29.05.2018 г. «О четырехуровневой системе лабораторной службы медицинских организаций государственной системы здравоохранения Республики Дагестан», а именно:

-- В соответствии с этим приказом в г. Буйнакске создается «единая клинико-диагностическая лаборатория IV-уровня, оснащенная самым современным оборудованием где будут проводиться все общеклинические, биохимические, бакте-риологические, иммуноло-гические анализы. Анализы будут проводится в рамках Территориальной программы государственных гарантий бесплатного оказания гражданам медицинской помощи в Республике Дагестан.

Забор биоматериала для доставки в ЕКДЛ будет проводится в структурных подразделениях ЦРБ Унцукульского района, и в РММБ пос. Шамилькала.

-- В соответствии с приказом 375-Л от 05.05.2017 г. «О порядках оказания медицинской помощи больным с острым нарушениями мозгового кровообращения».

Все больные с диагнозом ОНМК – подлежат госпитализации в первично-сосудистые отделения или в региональные сосудистые центры, (кроме больных с тяжелой соматической патологией в стадии декомпенсации, психическими заболеваниями в стадии обострения, и некурабельной формой онкологического забо-левания и отказавшихся от госпитализации в ПСО (РСЦ) - Первичное сосудистое отделение.

Оказание медицинской помощи больным с острыми нарушениями мозгового кровообращения на догоспитальном этапе осуществляется врачами и фельдшерами из амбулаторно-поликлинических структурных подразделений Унцукульской ЦРБ, далее сдается дежурному неврологу первично-сосудистого отделения в г. Буйнакске или в региональное сосудистое отделение РКБ.

Пациенты от 18 до 80 лет с подтвержденным ишемическим инсультом, в случае если время от появления первых симптомов заболевания до момента начала лечения не превышается 4,5 часа, с учетом противопоказаний, проводится внутривенная тромболитическая терапия.

Больным, у которых по заключению компьютерной томографии установлены признаки геморрагического инсульта, проводится консультация нейрохирурга, для дальнейшего хирургического лечения.

**С уважением, глав. врач Унцукульской ЦРБ - Айшат Магомедова.**

# Выдыхаем обиды и гнев



**Здоров не тот, кто лечится, а тот, кто умеет быть здоровым.**

Гнев, обиды, раздражение — негативные эмоции. Когда эмоции не находят выхода, они «застревают» в теле и разрушают человека изнутри. Результат — иммунологические и онкологические заболевания. Поэтому важно уметь отпускать их. Сядьте, расслабьтесь, закройте глаза, сделайте глубокий спокойный вдох и выдох, вспомните неприятную ситуацию, которая сильно затронула вас и вызвала негативное чувство. Попытайтесь ощутить, в каком органе и какой части тела эта эмоция «спряталась». Сделайте вдох, соберите негативную эмоцию и выдохните ее несколько раз, глубоко подышите. Даже диабет, который считался наследственным, теперь рассматривается как болезнь от нервов. Обретение внутренней душевной гармонии — первое лекарство от всех недугов.

Озлобленность и гневливость провоцируют болезни сердца, а у женщин — женские заболевания.

Ненависть к людям, раздражение от общения с ними вызывает заболевания желудка. На теле появляются бородавки.

Старые обиды являются причиной злокачественных опухолей.

# Прими участие в общественном обсуждении проекта плана противодействия коррупции в Республике Дагестан



Приглашаем принять участие в общественном обсуждении проекта плана противодействия коррупции в Республике Дагестан на 2018-2020 годы, который размещен на официальном сайте Главы Республики Дагестан в разделе Противодействие коррупции/ Управление по вопросам противодействия коррупции/Новости. Мероприятия. Результаты. Активная ссылка - http://president.e-dag.ru/protivodejstvie-korruptsii/upravlenie-po-voprosam-protivodejstviya-korruptsii/sovet-pri-glave-respubliki-dagestan-po-protivodejstvuyu-korruptsii/plan-protivodejstviya-korruptsii-v-respublike-dagestan-na-2018-2020-gody

Предложения и замечания к проекту плана просим направить до 13 августа 2018 года на бумажном носителе по адресу: пл. Ленина 1, Дом Правительства РД, Управление Администрации Главы и Правительства Республики Дагестан по вопросам противодействия коррупции или на электронную почту anti-korr@mail.ru.

Управление Администрации Главы и Правительства Республики Дагестан по вопросам противодействия коррупции

# Реабилитационный Центр информирует:

В селении Унцукуль Унцукульского района, по адресу А. Абдулаева, 4 (рядом с районной поликлиникой) расположен действующий реабилитационный центр для детей и подростков с ограниченными возможностями. Центр рассчитан на 23 койки: 11 коек формы стационарного обслуживания и 12 – формы полустационара, т. е. дневная форма. В стационаре дети принимаются с ухаживающими.

В стационаре и в полустационаре нашего Центра оказываются следующие услуги:

Социально-медицинские, направленные на поддержание и улучшение здоровье детей с ограниченными возможностями (массаж, физиотерапия, медикаментозное лечение, оздоровительная физкультура).

Социально- психологические, направленные на коррекцию психологического состояния ребенка, на адаптацию в среде обитания, а также проводятся беседы, тренинги, занятия по релаксации.

Социально-педагогические, направленные на профилактику отклонений в поведении, формировании, позитивных интересов, помощь в усвоении школьных предметов, организация досуга и содействие в семейном воспитании.

Социально-бытовые, направленные на поддержание жизнедеятельности детей с ограниченными возможностями в быту. Реабилитируемые обеспечены четырех разовым питанием. Наш Центр содействует в посещении театров, выставок и других культурных мероприятий.

Коммуникативные, обучение навыкам самообслуживания, поведения в быту и в общественных местах.

Для оказания вышеперечисленных услуг в Центре имеются квалифицированные работники: врач. Медицинские сестры, психолог, специалисты по работе с семьей, инструкторы по физкультуре и по труду. Все услуги в нашем Центре оказываются **БЕСПЛАТНО** !!!.

Наш коллектив будет рад видеть Вас!

По любым вопросам обращаться по телефону – 55-63-62. Номера зав. отделениями**: 8-906-447-83-43;8-988-290-37-86; 8-909-486-97-12**

Газета цIалулезул кучIдул

## Гlагараб мацl

Ассаламу гlалайкум
Магlарул адабият,
Эбелаб мацl инехъин
БукIин кватIун бичIчIарал!
Баху МухIудинова
АхIдезе жуян йиго,
Магlарул мацl цlунилин
Я моцIрол харж хвелилан.
Росдал имам жанив лъун
Мажгитал къалеб къоялъ
ТIад рекъон чIезе ккарал,
Умумазда ракl гурхIа!
Кваназе байбихьидал
Бисмиллагь гъукъун гlурал,
Гlуруца араб хlама
АхIдонин тlад буссунищ?

ТIад тарав щинав хlаким
ЩIогьор гурони гьечIел,
Гьаб улкаялъул инсан
Щиб мацlалъ кlалъани щиб?!
Нилъер Дагъистаналда
Чан батlияб мацl буге6,
Гьезул бищун щулияб
Мун гуребищ, авар мацl?
Лъимал цlализарулев
Учитель-магlарулав
Магlарул мацl бицине
Виччан гlенеккун рихье.
Цинги лъала нужеда
Магlарулаб напсалде
Унти кисан байбихьун
Нилъехъе ккарабали.

## «Ахихъан» газета

«Ахихъанин» хъвараб чIахlахатl бихьун
ЧIухIун валагьула Гъами рагlалде,
ГъамитIасан Щугъий кварил кьоги лъун
ТIасан вилъанхъулев вихьула макьилъ.
Газеталъул бет1ер Саниятие
Нусго сонил гlумро, щулияб сахлъи,
Совет Союзалъул къвакIи бекунин
КамичIо тlаса малъ «Ахихъаналъул».
«Ахихъан» дур гьурмаз халкъалъ цlализе
ЦIудул роржен гlадал хъвана очеркал,
Курагул ищтlасан, Маргъалул ищтlе
Мун гьоболъухъ щвечIеб букIинчIо каву.
Районалъул ахакь чIиргъи-хъуялда
ХIалтIулел гlолилаз мугжул тун руго,
Миллионаб банка консерв гьабулеб
Завод чIунтун лъвараб, чIваднил сурукълъи.
Улка тIутIулелъул тlаде ккараца
Квал-квалал гуреб жо, дуе гьабичIо.
Гьел къварилъабазе къуркьичIеб тlамач
Щола халкъалъухъе анкьалъ цо нухалъ.
Гьел къварилъабаца чурхъичIебги мун
Рагъда васал чlварал улбухъе хьвадун,
Улка тlегьалелъул тlадагълъараб мун
ТIолго гlолилазда Бергьенлъи баркун.
Камун гьечIин, дуе, гьанжеги хlалтlи
ХIалчIахьад «Ахихъан» туркIун къай рачел,
Шамилил цlар кьураб поселокалъул
Камураб, кватlараб рехсон хьвадаре!

## *Газета бачIине кватIидал*

«Ахихъаналъул» къирар
КъебедмухIамадова,
Къоазарго баркала
РитIарал газетазухъ.

Гъов Камалов ГIалида
Лъазабе дур къагlида,
Элъул экономия
Камилаб бугин кколин.

Щибаб анкьалъ газета
Щибизе къваригlараб,
Элда тlаде къулулев
Чиги къанагlат вугин.

«Ахихъанилан» хъвараб
РагIиялъухъ урхъула
Ансадерил Г1усахъан
Цеве вакканин ккола.

Мунгун ватlа тlун вукlун
Къадру буго дие, дур
Дур гьурмазда бер чlвайдал
Цебе чlола ГIинтIи лъар.

**ЖабрагIил-хlажи ХАЛИДОВ.**

Нужеда рагlун букlанищ?

## *ГьоцIо ва пихъал гьечIого хутIизеги бегьула*

**(2035 соналде ракьалдаса наял тIагIине бегьула)**



Дунялалъулго гlалимзабаз ахирисел анцl-анцl саназда хал ккун буго рукъалъул ва гlалхул наял дагьлъулел рукlиналъул хlужаялда хадуб. Гьединаб хlал бугони I7 сонида жаниб тlагlине рес буго гьел сахлъиялъе цlакъго хlажалъулеб тlагlамалъул бетlергьаби. Гьелъул хlасилалда тlагlине бегьула лъабго батlиял агропродуктабиги.

Наязул кумекалдалъун бижула гlеч, помидор, кофеялъул мугъал. Дунялалъулго гьел продуктабазул гъутlби ва хурдул рижула наяз хlур цоцаде босиялдалъун. Амма ахирияб анцlго сонида жаниб гlодобе ккана гьезул популяция. Цlех-рехазул институтаз бихьизабулеб буго дунялалдаго наязул къадар 40% гlодобе кканин. СШАялда гьел хвана 90%.

Китаялда абуни гьел тlагlана тlубанго. Гьениб хурдузул опыление гьабулеб буго квералъ. Гьеб гьабулеб буго гlанкlуязул хlулиялъул гьабураб хасаб устройствоялъ, ялъуни сигаретазул фильтрабазул кумекалдалъун. Гьел чlчула пластиковиял шушбузда жанибе бараб пильцаялъулъ ва хьвагlула гьутlбузул гlаркьалабазде. Гьедин цо чияс къойида жаниб 5-I0 гьветl опылить гьабула.

Гьедин цадахъго наял хвеялъе чанго гlилла лъазабун буго гlалимзабаз. Гьелъие гlилла ккола чанго батlияб наязул унтаби раккун рукlин, гьебги постицидал хlалтlизариялъ, генетическиял унтаби могьолал культурабазул раккун рукlиналъ, гьединго электромагнитниял излучениял рукlиналъ (гьел кьолезда гьоркьоре уна мобильниял телефоналги). Гlалимзабаз рикlкlунеб буго аслияб къагlидаялъ электромагнитниял из-лученияз бугин гьединаб ах1вал-хlал бачlинабун,-абун.

Киналго наял хвани, хьул буго цого-цо шмелазде (гlурдалнаял). Гьел гlезарулел хасал «фермаби» рагьулел руго гlемерисел улкабазда. Гьез пихъал, ягодаби, могьолал культураби рижиялъе ресалги кьун, инсаният хвасарлъизе хьул гьабулеб буго гlалимзабаз.

## ЛъикIаб къимат кьуна



Унсоколо росдал бетlер ХIабиб ГIабдулаев.

Халгьабиялъул аслияб мурад букlана лагералда рацlа-ракьалъиялъул ва кинабго рахьалъ хlалтlи гlуцlун бугеб куцалъе къимат кьей.

Халгьабиялъул хlасилалда ведомствабазда гьоркьосеб комиссиялъ лъикlаб къимат кьуна лъималазул рачlеналъе, хlалхьи гlуцlун бугеб куцалъе, рацlалъи ва хlинкъи гьечlолъи цlуниялъе гьарурал хlалтlабазе. ХIалхьи гьабулезе лагералда кинабго рахъалъ чlезарун руго лъикlал шартlал.

## «Терроризм - обществалъе хIинкъи кьей»



Тадбиралда гlахьаллъана районалъул лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухIамадгIалиев. Гьес бихьизабуна лъималазул церерахьин букlанин къимат кьезе кlоларебгlан гlадамазда тlад асар гьабулеб ва кутакалда гlуцlи бугел, магlна камилал лъимал ругин гьаб нухалда лагералда хlалхьи гьабулел,-абун.


| | | | |
|---|---|---|---|
| **Газета основана 1937 г.**<br>**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**<br>**Главный редактор**<br>**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА** | **Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**<br>**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**<br>**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.** | **Адрес редакции:**<br>**51373**<br>**Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**<br>**Телефон редактора 89896522856**<br>**sadovoduns@yandex.ru**<br>**398940** | Адрес издателя и типографии<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать - 13. 8. 18 г. 16. 20<br>фактически -15. 45 мин.<br>.......................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 1000 экз. |